



Pou Piblikasyon Imedya: 6/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU ASIRE YO KONTE VÒT  
ELIJIB YO**

***Lejislasyon (S.284C/A.642C) egzije kontaj ak solisitasyon bilten vòt afidavi ki depoze pa elektè ki elijib yo ki parèt nan move biwo vòt, depi ke elektè yo nan konte ki kòrèk la ak nan distri asanble a***

***Anpeche elektè ki elijib yo wè tout bilten yo anile san nesosite***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a Lejislasyon pou pwoteje dwa Nouyòkè yo pou vote epi amelyore pwosesis vòt la. Lejislasyon (S.284C/A.642C) egzije kontaj ak solisitasyon bilten vòt afidavi ki depoze pa elektè ki elijib yo ki parèt nan move biwo vòt, depi ke yo vote nan konte ki kòrèk la ak nan distri asanble a. Nouvo lwa a ranfòse pwoteksyon dwa Nouyòkè yo pou vote epi pou yo konte bilten vòt yo nan kous yo ke yo gen dwa vote pandan y ap ankouraje patisipasyon elektè yo nan pwosesis elektoral la.

"Pwosesis vòt konplike epi ki pa klè pa ta dwe anpeche aksè ak bwat bilten vòt la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York kontinye dirije nasyon an nan franchi etap enpòtan pou pwoteje dwa fondamantal pou vote a. Administrasyon mwen an pran angajman pou otonomize elektè yo ak amelyore pwosesis elektoral eta a, ki te prive twòp Nouyòkè jwi dwa sivik yo pandan twò lontan."

Lejislasyon (S.284C/A.642C) pwoteje dwa fondamantal Nouyòkè yo pou vote epi ankouraje patisipasyon nan pwosesis elektoral la lè li egzije kontaj ak solisitasyon bilten vòt afidavi ki depoze pa elektè ki elijib yo ki parèt nan move biwo vòt, depi ke yo vote nan konte ki kòrèk la ak nan distri asanble a. Elektè yo gendwa rive pa aksidan nan move biwo vòt jou eleksyon an. Sa ka rive lè yo te fè chanjman ki resan nan lokal biwo vòt yo oswa lè yo te bay yo enfòmasyon ki pa kòrèk sou fason ak ki kote yo kapab vote, pou site rezon sa yo sèlman. Kounye a, yon elektè ki depoze yon bilten nan move biwo vòt la men ki nan konte ki kòrèk la ak nan distri asanble a pral wè yo anile tout bilten vòt la, enkli vòt yo nan kous la nan nivo distri a, eta a, ak nivo federal la ke tout elektè ki kalifye yo gen dwa patisipe ladan. Nouvo lwa sa a pral pèmèt bilten vòt sa yo dwe konte epi depoze nan kous ke Nouyòkè ki elijib yo gen dwa vote.

**Deklarasyon Senatè Eta a Zellnor Myrie.** "Pandan kat ane ki sot pase yo, New York te fè plis pase nenpòt lòt eta pou redwi baryè pou elektè yo epi asire yo ka tande vwa tout

moun nan demokrasi nou an. Nouvo lwa sa a bati sou pwogrè sa a lè li jwenn plis rezon pou konte vòt ki valab ak mwens rezon pou diskalifye yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li siyen lejislasyon sa a, anvè Manm Asanble Bobby Carroll, ak anvè defansè ki te travay san pran souf pou fè pwojè lwa sa a vin yon reyalyte."

**Manm Asanble Robert C. Carroll, te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè a paske li siyen A.642-B/S.284-C, pwojè lwa mwen an pou asire ke tout elektè ki elijib ki voye vòt afidavi nan konte ak distri asanble ki kòrèk la yo konte nan kous yo gen dwa vote yo, kit yo depoze bilten an nan sit biwo vòt elektè a asiyen an ou pa. Ak demokrasi nou an ki anba atak, li esansyèl pou New York fè tout sa ki nan pouvwa li pou asire yo konte bilten vòt elektè yo. Avèk lejislasyon sa a, New York p ap anile bilten vòt ki otreman te valab ankò paske yon elektè te ale nan move biwo vòt la nan konte ak distri asanble yo. Refòm vòt enpòtan sa a pral ede asire dwa plizyè milye elektè yo pwoteje."

Mezi sans komen sa a apiye sou efò Gouvènè Hochul ap fè pou otonomize elektè Eta New York yo. Nan mwa jen, Gouvènè a te siyen [Lwa Dwa Vòt John. R. Lewis \(John R. Lewis Voting Rights Act\) istorik la](#), ki elaji pwoteksyon elektè yo pou manm gwoup rasyal, etnik ak linguistik minoritè yo. Gouvènè a te siyen tou [lejislasyon](#) pou garanti vòt pa korespondans yo, asire ke bilten vòt yo pa anile akòz mak oswa ekriti parazit osi lontan entansyon elektè a ekspriye a byen klè.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418